



Pou Piblikasyon Imedya: 21/05/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KONSEKRASYON DEVLOPMAN LOJMAN SIPÒ A BON MACHE POU 13.8 MILYON DOLA NAN UTICA

Konstriksyon an Enkli 42 Inite Ki Disponib Pou Fanmi Ouvriye Ki Gen Revni Ba, Endividi k'ap Geri Apre Maladi Mantal, Epi Ansyen Moun Ki Te Sanzabri

Govènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a seremoni koupe riban pou West Street Apartments ki koute 13.8 milyon dola, yon konplèks lojman ki a bon mache epi ki ofri sipò nan vil Utica. Yo te dedye devlopman ki gen 42 inite a pou li sèvi fanmi ouvriye ki gen revni ba, sa enkli 11 inite sipò pou moun k'ap geri apre maladi mantal, ak sis inite pou ansyen moun ak fanmi ki te sanzabri. Li chita sou ansyen sit yon batiman apatman twa etaj ki te dilapide epi vid, nouvo devlopman an enkli tou Sant Sèvis Kominote (Community Services Center) ki sou operasyon Rescue Mission of Utica ki pral sèvi alafwa lokatè yo ak piblik la, sa a ap ajoute sou revitalizasyon katye Cornhill.

“Investisman sa a nan West Street Apartments kontinye efò nou yo pou nou konbat fenomèn sanzabri a ak ogmante aksè a lojman kalite pou moun New York ki pi vilnerab yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Devlopman sa a pral ofri sèvis vital bay rezidan Utica yo, pandan l ap revitalize katye a ak ofri estabilite bay moun ki nan nesite yo.”

“Nou angaje nou pou nou ofri lojman ki a bon mache epi ki gen bon kalite bay tout moun New York gras ak investisman konsiderab nan pwojè atravè eta a”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Devlopman lojman a bon mache sa a nan Utica pral ede soulaje presyon finansye sou fanmi ouvriye ak kontinye konbat fenomèn sanzabri pami popilasyon ki pi vilnerab nan New York.”

An 2016, Gouvènè Cuomo te angaje li pou li ofri tout moun New York aksè ak lojman ki ansekirite, a bon mache ak yon Inisyativ Lojman ki Bay Sipò Empire State (Empire State Supportive Housing Initiative) ki koute sòm san presandan 20 milya dola sou yon dire senk ane. Plan an gen pou objektif rann lojman pi aksesib epi konbat pwoblèm sanzabri a lè y ap konstwi epi prezève 100,000 inite lojman ki nan yo pri abòdab, ki gen ladan yo 6,000 inite lojman sipèvize. Plan an se yon apwòch global pou abòde pwoblèm lojman toupatou atravè eta a epi li gen ladan devlopman lojman kominotè kolektif ak pou yon sèl fanmi, ak estabilizasyon lwaye.

Anplis sou inite lojman yo, Rescue Mission of Utica pral opere yon etablisman sèvis kominote andann batiman ki sèvi alafwa rezidan yo ak piblik la. Batiman an genyen yon

sant aprantisaj, chanm rad kominote, pwogram bank alimantè ak manje, ak yon pwogram reprezantan benefisyè ki ede moun jere obligasyon finansye.

Pwojè revitalizasyon kominote sa a, se Rescue Mission of Utica and Edgemere Development, Inc. ki ko-devlope li, yo te kreye li pou konbat sitiyasyon sanzabri epi pèmèt fanmi nan Utica pou yo kapab viv pre travay, gadri pou timoun, transpò, ak sèvis detayan. Devlopman an chita byen alèz olon yon wout bis epi li gen yon ti distans apye pou rive nan wout prensipal vil la. Li enkli espas lesiv ankomen, chanm kominote, estasyonnman lokal, ak yon lakou rekreyasyon. Gen senk apatman ki rete totalman aksesib ak adapte pou moun ki gen pwoblèm mobilite ak de apatman ki adapte pou moun ki gen difikilte odisyon oubyen vizyon.

Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) nan Eta New York te ofri 1.5 milyon dola Fon Envestisman Kominote (Community Investment Funds) pou sipòte etablisman sèvis kominote a, ansanm ak alokasyon kredi taks HCR ki jenere plis pase 10.4 milyon dola an ekite. Devlopman an resevwa tou sipò 1.7 milyon dola nan men Pwogram Lojman pou Sanzabri ak Asistans nan Biwo Eta pou Asistans Tanporè ak Andikape (Office of Temporary and Disability Assistance Homeless Housing and Assistance Program), yon sibvansyon Eta 50,000 dola nan men Pwogram Devlopman nan Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health Program Development), ansanm ak 103,000 dola nan finansman anyèl pou sèvis pou rezidan nan inite sipò yo, Vil Utica, ak Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji nan Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority).

Depi 2011, HCR te konstwi oubyen prezève 541 inite lojman a bon mache nan Konte Oneida ak resous ki plis pase 66.7 milyon dola nan men HCR, ki jenere plis pase 148 milyon dola sou fòm aktivite ekonomik, sa enkli 268 inite yo te konstwi oubyen prezève nan Utica.

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kay ak Kominote yo, te deklare, “West Street Apartments se yon ekzanp konkrè angajman Gouvènè Cuomo pou li ofri opòtinite lojman a bon mache epi ki ofri sipò bay moun New York ki bezwen yo, pandan y ap amelyore efò revitalizasyon nan kominote Cornhill la. Mwen fyè de kolaborasyon HCR ansanm ak patnè nou nan eta a ak nan sektè prive pou konstriksyon sa a ki se yon vòt konfyans nan fiti Utica epi rès rejyon Mohawk Valley”.

Doktè Ann Sullivan, ki se Komisè Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH), te deklare, “Bèl West Street Apartments nan Utica pral ofri lojman ki gen sipò ak sèvis lokal ki pral ede moun ki gen maladi mantal pran chemen gerizon ak plis endepandans ak plis diyite. Sa a se yon lòt ekzanp angajman Gouvènè Cuomo pou ede moun New York ki vilnerab, epi nou menm nan OMH nou fyè paske nou te jwe yon wòl nan konstriksyon li”.

Komisè Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape an Samuel Roberts te deklare, “Pwojè lojman sipò yo tankou West Street Apartments yo konbine ansanm lojman ak sèvis ki adapte yo pou ede moun yo ak fanmi yo ap reyalize pi bon estabilite nan lavi yo. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo, ansanm ak patnè mwen yo nan nivo eta ak nivo lokal, pou angajman san fatige yo pou yo ofri asistans bay moun ki bezwen li”.

Senatè Joseph Griffo te deklare, “Rescue Mission of Utica jwe yon wòl enpòtan nan ede anpil moun ak fanmi nan kominote nou an. Pwojè sa a pral ede pou ofri lojman ansanm ak sèvis esansyèl bay moun ki bezwen epi li pral kontinye misyon Rescue Mission lan pou li ofri espwa, asistans ak konpasyon bay sitwayen nou ki gen pi gwo nesosite yo”.

Manm asanble Anthony Brindisi te deklare, “Pwojè sa a pral satisfè yon bezwen konsiderab nan rejyon Mohawk Valley nan sa ki konsène lojman ki ansekirite a bon mache. Anplis, sèvis sipò lokal ak toupre nan Utica pral ofri yon varyete sèvis bay rezidan yo. Mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo ak Rescue Mission of Utica paske yo travay kòm patnè sou yon pwojè ki pral kontinye revitalizasyon Utica”.

Kad Egzekitif Konte Oneida, Anthony J. Picente, te deklare, “Mwen kontan paske pwojè vital sa a rive acheve epi pou m wè fanmi sa yo jwenn nouvo kay. Nouvo batiman rezidansyèl sa a pral ofri yo opòtinite ak sipò ki pral gen yon gwo enpak pou amelyore lavi yo, pandan l ap tou jwe yon wòl entegral nan revitalizasyon kontini katye avwazinan an”.

Majistra Utica a Robert M. Palmieri te deklare, “Pwojè West Street Apartments yo se yon gwo inisyativ yo te rive reyalize gras ak patenarya ki solid. Pwojè a se yon ka gayan-gayan pou Utica paske li te enplike eliminasyon estrikti ki vid ki te yon bagay lèd pou plis pase 20 ane epi ki kounye a reprezante inite lojman a bon mache pou rezidan nou yo. Tip devlopman sa a se sa k ap mennen transfòmasyon Utica. Mwen felisite Gouvènè Cuomo pou lidèchip aktif li an ak investisman nan kominote nou an. Mwen remèsye tou Rescue Mission ak Jim Haid paske yo se yon gwo patnè kominote epi paske yo rive reyalize pwojè sa a”.

Jim Haid, Direktè Ekzekitif Rescue Mission of Utica, te deklare, “Akoz efò kolaboratif solid bò kote patnè lokal ak eta yo, sektè prive ansanm ak òganizasyon relijye. West Street Apartments pase soti nan ‘kloti’ li pou ale nan okipasyon konplè nan kèk mwa. Tikal tan sa a se yon pwèp pou montre sa ki ka reyalize lè patnè ki dedye ak angaje travay men-dan-lamen ansanm ak angajman Gouvènè Cuomo pou ofri lojman pèmanan ki bon, ansekirite a bon mache bay moun New York. Pou angajman Gouvènè a ak finansman ekip li an te ofri, Rescue Mission of Utica rete rekonesan, menm jan ak rezidan yo oubyen kominote nou an epi, pi enpòtan toujou, moun ki kounye a ap rele West Street Apartments kòm lakay yo”.

Stephanie Benson, Patnè ak Direktè Prensipal Operasyon nan Edgemere Development, te deklare, “Pwojè West Street Apartments yo se yon ekzanp kijan yon vizyon pataje, bezwen lokal ak kolaborasyon ant Eta New York, vil la, katye a ansanm ak Rescue Mission mennen a transfòmasyon ak revitalizasyon kominote ki reyèl”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)